# TEKTAL U PEXE YI NGIR WËY DAW LAQQU YII



# KADDUG UBBI

Su fekkee ni da nga di mag bu bokk ci wëy daw laqqu yii ci biir New York City te ngay laaj ab dëkkuwaay u negandiku, da nga war a jeem pexe yëpp ngir gis beneen dëkkuwaay.

Teere bii dafa lay jox ay xalaat ci mbir yi la mën dimbali nga gis ab dëkkuwaay. Dafa lay won itam ay yoon ngir jokkoo ak mëneef yi lay mën dimbali.

Su fekkee ni da nga am matadi bu lay andil jafe-jafe ci gis beneen dëkkuwaay wala jot ci mëneef yi, waxal ak ligeeykat yi nekk ci sa dëkkuwaay u negandiku.

## TËŊK U PACC U TEERE


KADDUG UBBI .... 2
311 .... 3
ÑJANG .... 3
YOBBU BI .... 4
TOPPATOO WER GU YARAM .... 4
LIGEEYORK & KOOM .... 7
DIMBAL CI WALL U YOON CI MBIR U GADDAAY .... 8
DËKKUWAAY .... 10
GIS AL SA AMBASAAD WALA SA KONSULAA .... 12
BIRO MEER BI BU WALL U AJI GADDAAY YII (MAYOR'S OFFICE OF IMMIGRANT AFFAIRS, MOIA) .... 12
LGBTQ+ TEKTAL U PEXE .... 12
BIRO MEERI BI NGIR DAKKAL FITNAAL JIGEEN AK NIT CI TANNEEF U AWRAAM (END DOMESTIC AND GENDER-BASED VIOLENCE, ENDGBV) .... 12
KOMISIOÑ U AQQ AK YELLEEF U DOOM U ADAMA BU DËKK U NEW YORK: .... 12
NEEG U TEERE PIBILIK YI .... 13

# 311.

**Pexe Dëkk ngir Aji Gaddaay yi**
Dëkk u New York dafay jappale ñi fa dëkk ñëpp. Kenn ku ci nekk, bokk na ci wëy gaddaay yi ñu bindul, mën na ñu jot ci mëneef yu bari ci Dëkk bi. Mëneef yi dafay boole mbir yi mel ni dem ca daara ja wala jëfëndikoo sisteem u wer gu yaram bi.

Yaatal al sa xam-xam ci wall u Mëneef u Dëkk yi fii: https://www.nyc.gov/site/immigrants/city-services/basic-care.page.

Ngir xamal la naka la ñuy jotee ci mëneef i gowernamaa u Dëkk u New York wooteel ci 311 wala nga dem ci: https://portal.311.nyc.gov/.

# ÑJANG

Xale Dëkk u New York (NYC) yëpp yi am 4-21 i at mën na ñu dem ci daara piblik. Ngir bokk, wooteel ci 311 wala nga dem seeti https://www.schools.nyc.gov/enrollment/enrollment-help/family-welcome-centers.

Mbootaay yi wekku ci Askan dafay maye ay teere, ay taggat ak ay porogaraam u Suqqali Angale bu ñu Miin (General English Development, GED) ngir mag ñi ak xale yi nekkul ca daara ja ci biir Dëkk bi yëpp. Di na ñu jox ay tektal mag ñi ak ndaw yi nekkul ca daara ja te ame jafe-jafe ci wall u jang, bind, seefer, wala xarañteef ci Angale. Porogaraam yooyu dafay boole ñjang, waajal Suqqali Angale bu ñu Miin GED, ak Angale ngir ñi jugee bitim reew te degg beneen lakk. Wooteel ci 311 wala 212-639-9675 ngir jot ndimbal.

**We Speak NYC** dafay joxe ay jang u lakk Angale ngir ñi bëgg jang lakk u Angale. Aji wolonteeru yii dañuy jëfëndikoo seri tele yi siiw yi te ame raaya Emmy Award, "We Speak NYC", ngir doxal jang yii, ak jumtukaay u jang buy and ak widewoo bu nekk. Da ñuy jëfëndikoo itam ay jumtukaay yuy and ak widewoo bu nekk.

Widewoo yii ñu ngi wekku ci taarix u wëy gaddaay yuy tukki jëm Dëkk u New York te di joxe ay xibaar yu am solo ci wall u mëneef u nguur gi. Jokkool ak Biro Meeri bi Yore Mbir u Aju Gaddaay yi (Mayor’s Office of Immigrant Affairs) ci 212-788-7654 ngir xam ban mbootaay ci sa wet u dëkkuwaay mooy joxe ay jang u **We Speak NYC**.

**Cell-Ed** dafay joxe aji jëfëndiku yii ay lesoŋ u Angale yu ñu dul fay dara ci seen biir telefoŋ buy jappandal waxtu wu tekk ci barab bu nekk.Jotal ci Cell-Eddefee ko ci sa jollasu.

Telesarseel App Cell-Ed wala nga woote ci +1-866-425-2355; dugalal sa PIN: 1788 wala Ci sa ordinaateer: https://learn.cell-ed.com/#/ wala ci WhatsApp, mesaas START (TAMBALI) ci +1-818-423-5533 Soxla Ndimbal? Seetaan al widewoo Jangale bu Cell-Ed fii: https://www.youtube.com/watch?v=ZKsVxtwqibU.

# YOBBU BI

## ÑJËG YU JAADU CI NYC (FAIR FARES NYC)

Waa New York yi neew doole mën na ñu jot 50% yu ñu leen waññil ci sabweey ak biis yi ngir dimbali la ci ñjëg u dem ak dikk bi.

Su fekkee ni da nga am 18 - 64 i at, doo jot MetroCard bu ñu waññi wala benn porogaraam u NYC, te nga am payoor gu suufe yii lim:

Payoor weer gu gën bari ngir ab kër u 1 nit: $1,506.00
Payoor weer gu gën bari ngir ab kër u 2 nit: $2,044.00
Payoor weer gu gën bari ngir ab kër u 3 nit: $2,582.00
Payoor weer gu gën bari ngir ab kër u 4 nit: $3,120.00
Payoor weer gu gën bari ngir ab kër u 5 nit: $3,658.00
Payoor weer gu gën bari ngir ab kër u 6 nit: $4,196.00
Payoor weer gu gën bari ngir ab kër u 7 nit: $4,734.00
Payoor weer gu gën bari ngir ab kër u 8 nit: $5,272.00

Wooteel ci 311 wala nga seet https://www.nyc.gov/site/fairfares/index.page ngir ay xibaar yu dolleeku ak wooral matuwaay u mën ug bokk yi.

## DAWAL CI ETAA U NEW YORK

Ngir dawal ab daamaar wala moto ci biir Etaa u New York, da nga war a am lu mu tuuti 16 i at te am ab permi dawal u Etaa u New York wala permi u jangkat, wala permi dawal bu baax wala permi bu beneen etaa wala reew joxé.

Su fekkee ni da nga am permi dawal u bepp reew, soxlawul ngay soxla permi dawal u Etaa u New York ngir dawal fii. Da nga war a bindu ngir permi dawal u Etaa u New York su fekkee ni da nga nekk ku dëkk ci Etaa u New York.

Su fekkee ni da nga soxla ay xibaar, mën nga xool ci: https://dmv.ny.gov/driver-licenses.

# TOPPATOO WER GU YARAM

## JOT CI TOPPATOO WER GU YARAM

NYC Care nekk na pexe yi gën rey ngir gaaranti wer gu yaram waa New York, te du jote dara ak seen nekkin u gaddaay wala seen mën ug fay.

NYC Care nekk na ab porogaraam u jot ci toppatoo wer gu yaram ngir waa New York yu mënul am asiraans u wer gu yaram bu wekku ci sart u dëkk bi. NYC Care dafa lay gaaraanti

ay mëneef yu yomb-ñjëg wala boo dul-fay bayyeekoo ci NYC Health + Hospitals.
Waa New York yi ñu mën tann ngir asiraans u er gu yaram di na ñu leen digal ñu dem ci ab palaŋ u wer gu yaram bu piblik https://metroplus.org/.

**Yoon yi ngir Bindu**

- Giseel ak ki nekk NYC Health + Hospitals te nekk Digalkat ui wall u Koom
- Giseel ak wala nga woo ab ndaw u MetroPlus
- Gisal ay aji bokk ligeey yu bayyeekoo ci askan wi: https://www.nyccare.nyc/community-based-organization/
- Ngir am yeneen xibaar, wooteel ci 1-646-692-2273

# NYC HEALTH + HOSPITALS

NYC Health + Hospitals am na ay barab ci biir dëkk bi. Da ñuy joxe ay mëneef u teew ak ci jokko ci xarala yu yees yi bokk na ci:

- toppatoo u jëlbeen,
- toppatoo bu jamp,
- wer ub xel, ak
- mëneef yu xejuku.

Ngir japp ab dig daje, mën nga woote ci 1-844-692-4692.

**Bronx**

NYC Health + Hospitals/Jacobi
1400 Pelham Parkway South, Bronx, NY 10461

NYC Health + Hospitals/Lincoln
234 East 149th Street, Bronx, NY 10451

NYC Health + Hospitals/North Central Bronx
3424 Kossuth Avenue, Bronx, NY 10467

**Brooklyn**

NYC Health + Hospitals/Kings County
451 Clarkson Avenue, Brooklyn, New York 11203

NYC Health + Hospitals/South Brooklyn Health, Ruth Bader Ginsburg Hospital
2601 Ocean Parkway, Brooklyn, NY 11235

NYC Health + Hospitals/Woodhull
760 Broadway, Brooklyn, New York 11206

**Manhattan**

NYC Health + Hospitals/Bellevue
462 First Avenue, New York, NY 10016

NYC Health + Hospitals/Harlem
506 Lenox Avenue, New York, NY 10037

NYC Health + Hospitals/Metropolitan
1901 First Avenue, New York, NY 10029

**Queens**

NYC Health + Hospitals/Elmhurst
79-01 Broadway, Elmhurst, New York 11373

NYC Health + Hospitals/Queens
82-68 164th Street, Queens, New York 11432

# MËNEEF U WER GU YARAM

**NYC 988** mooy sa jotin ci taxawu wer gu yaram u xel boo dul fay dara, te and ak sutura. Waxal ak ab digalkat ci telefoŋ, mesaas, wala waxtaan ngi jot ci mënef u wer gu yaram u xel ak mbir u jëfëndikoo sineebar. Taxawu la ci lu ëpp 200 i lakk jappandal na ci yow.

Ci bepp waxtu ci bes bu mu mën ti doon, ci lakk bu mu mën ti nekk, Wooteel wala nga mesaas **NYC 988** ngir jot ndimbal bi nga soxla.

# TOPPATOO WER GU YARAM CI WALL U ÑJUR

Su fekkee ni da nga ëmb, Dëkk u New York am na ay mëneef u wer gu yaram u wall u jur ak porogaraam u asiraans u wer gu yaram. Dëkk u New York am na itam ay kilinik yuy dimbali ci mbir yu bari ci wall u ëmb.

Lëkkaloo u Jaboot-Saasfaam u Departamaa u Wer gu Yaram (Health Department's Nurse-Family Partnership) mën na ñu jokkale yaay yuy jëkk am doom rax so dolli saas faam yi ñu taggat. Saas faam yooyu di na ñu la seetsi ci sa biir ëmb te ci ñaar i at yu jëkk yu xale bi ngir dimbali la sa jaboot nekk ci wer gu yaram. Mën nga tee a bokk ci sa ëmb ni nga ko bëggee waaye warul romb 28 éel u ayu bes.

Kilinik u Wer gu Yaram u Awra (Sexual Health Clinics) yu NYC dañuy joxe ay mëneef u fay lu ndaw wala baña fay ngir Feebar yi Wallee ci Sey (Sexually Transmitted Infections, STI) yi, bokk na ci SIDA (HIV). Kepp ku am 12 i at wala lu ko ëpp mën na jot ay mëneef ci bepp kilinik, te du ñu ci xool nekkin u gaddaay.Wayjur yii and ci nekkul wareef.

Wooteel ci Nimero Kilinik u Wer gu Yaram u Awra (Sexual Health Clinic Hotline) bu NYC ci (347-396-7959) ngir mëneefu paj mu sori.

Yaqq ëmb woor na te yoon nangu na ko ci Etaa u New York. Mën nga gis ab def kat u yaqq ëmb te yeneen pexe yii ci woote ci Kureel u Jot ci Yaqq Ëmb (Abortion Access Hub) Altine ba Gaawo, 8 a.m. ba 8 p.m. ci 877-692-2482.

# IDNYC

Japp al ab dig daje tey ngir bindu ngir IDNYC boo dul fay dara. **Wooteel ci 311** te nga wax "IDNYC" wala nga seet https://www.nyc.gov/site/idnyc/index.page.

IDNYC nekk na ab kart u raññeekaay boo dul fay dara ngir waa New York yi am 10 i at ak lu ko ëpp.Dafay and ak lu ëpp fukk ak ñaar i bonofiis. IDNYC **du la** jox kayit u sañ-sañ u ligeey. Mën u ñu ko jëfëndikoo ngir tukki wala ci biti Dëkk u New York. IDNYC itam du am jeexital ci nekkin u gaddaay.  IDNYC du dajale ay xibaar u nekkin u gaddaay, te xibaar u aji bindu yii da ñu leen di deñc ci sutura. Dëkk bi di na aar xibaar u IDNYC ci ni ko yoon mayee.

# KËR U DIMBALI CI LEKK YI

Kër u dimbali ci lekk yi nekk ci biir NYC di na ñu joxe lekk boo dul fay dara ngir neew doole yi.Ngir gis ab barab u lekk bu la jege, eskaneel kot QR bi ci suuf wala nga seet i https://finder.nyc.gov/foodhelp/.

# LIGEEYORK & KOOM

## AJI GADDAAY YII LIGEEY

Am na ay sart u ligeey yu bari yuy aar ligeeykat yi ci NYC. Sart yooyu ngir ligeeykat *yëpp* la, te du ñu ci xool sa nekkin u gaddaay. Jangal lu gën bari fii: https://www.nyc.gov/site/dca/workers/workersrights/know-your-worker-rights.page.

**Ay Tektal u Kaaraange Aji Jëfëndikukat yi ngir Aji Gaddaay yi**

Aji gaddaay yi da ñuy jaañkonte ak jafe-jafe yu bari ci ligeeyukaay yi ak ci dëkk bi.Jotal ay tektal ci sa wall u aqq ak fan ngay jëlee ndimbal: https://www.nyc.gov/site/dca/consumers/immigrants.page.

**Workforce1** dafay dimbali waa New York ci kayit u sañ-sañ u ligeey di len waajal, ak di leen

jokkale ci, jot ci ligeey ci biir Dëkk u New York ak ci bepp fann u koom u reew mi. Seet il https://www.nyc.gov/site/sbs/careers/virtual-wf1cc.page

**Santar u Dooleel Koom u NYC** dafay joxe ay tektal u mu teew nga teew boo dul fay dara. Mëneef bi dafa and ak sutura, te suñuy digalkat dañuy lakk ay lakk yu bari. Seet al fii ngir japp ab dig daje: https://www.nyc.gov/site/dca/consumers/get-free-financial-counseling.page. Ngir am yeneen xibaar ci mëneef u doleel ci wall u koom wooteel 311.

**Defar Tax u NYC Boo Dul Fay (NYC Free Tax Prep)**
Su fekkee ni da nga am $85,000 wala lu ko yees ci 2023, jëfëndikool Defar Tax u NYC Boo Dul Fay te nga nangu li ñu lay delloo. Ngir gën am ay leeral, seet il https://www.nyc.gov/site/dca/consumers/file-your-taxes.page.

**Ab Nimero Raññekaay u Faykat u Tax (Individual Taxpayer Identification Number, ITIN)** nekk na ab nimero bi ñuy jëfëndikoo ngir dello la tax bu Mëneef u Payoor u Biir bu U.S. (U.S. Internal Revenue Service, IRS) di joxe ngir wañña ak fay tax yii.

Lii dafay dox ci nit ñi amul nasonaalité US waaye war a fay ay tax ndax seen i payoor U.S. lay jugé.
Da nga war a bindu ngir ab ITIN su fekkee ni:

- Mën u ñu la tann ngir Nimero Kaarange Askan
- Da nga am payoor ci biir Etaatuni, te
- Da nga war a dugal say tax.

Ab ITIN du la may:

- Ab nit sañ-sañ u ligeey ci biir U.S.
- Ñu mën la tann ngir Kaaraange Askan wala ndampaay u Medicare
- Soppi nekkin gaddaay u nit.

Yeneen leeral jappandal na ci biir xarala yu yees yi:
https://www.nyc.gov/site/dca/consumers/file-your-taxes-itin.page.

# DIMBAL CI WALL U YOON CI MBIR U GADDAAY

## NA NGA FEXE BA SA ADAREES DI YEES!

Su fekkee ni da nga bindu ngir daw laqqu, sañ-sañ u ligeey, wala benn cakkuteef u gaddaay, da nga war a soppi sa adarees ak Mëneef u Nekk Ndaw u Reew ak Gaddaay ci US (U.S. Citizenship and Immigration Services, USCIS) ci biir (10) i fan. Aju ci sa nekkin u kaa, da nga war a soppi sa adarees ak sa Biroo Bi Yore Mbir u Saytu Gaddaay (Executive Office of Immigration Review, EOIR), Takk Der u Gaddaay ak Duwaañe (U.S. Immigration and Customs Enforcement, ICE) yu U.S. ak mën na am Mëneef u Nekk Ndaw u Reew ak Gaddaay ci United States (USCIS).

Mën nga soppi sa adarees **ak EOIR** sa bopp, ak xarala yu yees yi wala jaare ko ci bataaxal u internet. Demal ci: https://respondentaccess.eoir.justice.gov/en/forms/eoir33ic/. **Na nga bayyi xel ni**: da nga war a itam yonnee ab kopi u sa formileer u soppi adarees ci bataaxal u internet bi jox ko Departamaa u Kaarange u Reew mi (Department of Homeland Security) te nga yonnee ab Firndé u Mëneef (Proof of Service) waa EOIR (sa bopp, ak xarala wala ci imel).

Cambar al nekkin u atte yii daw ci sa telefoŋ te nga jëfëndikoo ci Sistem u EOIR buy Demal Boppam: Wooteel 1-800-898-7180 wala nga dem ci: https://acis.eoir.justice.gov/en/. Su fekkee ni system u Xibaar u Kaa buy Sakkal Boppam bu EOIR dafa lay yegal ni ab ndigal u dindi def na ñu ko ci sa kaa, da nga war a jokkoo ci saa si ak nsa layalkat. Su fekkee ni amuloo layalkat, wooteel ci Buum u Jokkoo u Taxawu Yoon (Immigration Legal Support Hotline) u MOIA ci 1-800-354-0365 ci digante 9AM- 6PM, Altine - Aljuma, wala nga woote ci 311 te nga wax "ActionNYC."

Su fekkee ni da nga dugalsa bindu **ak USCIS online** jaare ko ci Buntu USCIS, di nga mën soppi sa adarees ci biir internet bi. Demal ci: https://myaccount.uscis.gov/.

Su fekkee ni da nga dugal ab bindu **ak USCIS jaare ko ci imel**, di nga mën soppi sa adarees ci biir internet bi. Demal ci: https://egov.uscis.gov/coa/displayCOAForm.do.

Su fekkee ni da nga am ay cambar u ICE, di nga mën nga soppi sa adarees ci ICE ci internet bi.Demal ci: https://onlinechangeofaddress.ice.gov/ocoa.

# XIBAAR U YOON NGIR WËY DAW LAQQU YI

**Laajal kuy ligeey ci kër u negandiku gi** su fekkee ni da nga soxla ndimbal ngir dugal ap bindu ngir:

- Laqqu
- Kayit u sañ-sañ u ligeey
- Nekkin u Kaaraange Negandiku

Xibaar ci wall u gaddaay ak nekk ndaw u reew:https://www.nyc.gov/site/immigrants/index.page.

Gisal mbootaay ngir saytu yoon ci wall u gaddaay, seetlu, soppi adarees ak soppi taxawu, ak taxawu ci bindu gaddaay bokk na ci lu ñu yemalewul ci daw laqqu: https://www.nyc.gov/site/immigrants/legal-resources/legal-information-for-asylum-seekers.page

Buum u Jokkoo u Taxawu ci Yoon ci wall u Gaddaay (Immigration Legal Support Hotline) bu MOIA ci (1-800-354-0365) jappandal na Alt-Alj 9AM-6PM te di joxe ay xibaar ak ay tektal ci porogaraam i mëneef u yoon.

Seetil Mbootaay u Aji Xeexalkat i Wëy Gaddaay yi (Immigration Advocates Network) ngir gis ab lim u layalkat yu dul fayeeku wala nga woote ci Buum u Jokkoo u Amerikeen yu Bees (New Americans Hotline) yi ci 1-800-566-7636. Wala nga xool ci internet bi: https://www.immigrationadvocates.org/legaldirectory/search?state=NY.

# DËKKUWAAY

**DI NGA GIS FII AY TEKTAL CI NAKA NGAY WUTEE DËKKUWAAY**

**Apilikaasioŋ wala Sit u Imobiliyee**
Am na ay sit web yu dul soppeeku ak applilikaasioŋ esmartfon yu dul yokku ngir dimbali waa New York ngir ñu gis ay luyaas wala kër yuy jaay. Nekk na lu baax jeem yu bari - benn appilikaasioŋ mënul am lepp. HPD du la digal benn sosiyeete, waaye soo seetee ci internet bi wala ci sa appilikaasioŋ u telefoŋ ngir "NYC rentals" (Luyaas u NYC) ci misaal, wala jox la ay tanneef yu bari. Lim yu xejuku yii mën na itam pibilisité ay kër, fi nga mën bindu wala dugg ngir gis apartamaa bu jappandal.

**Kaddu-u-Gemmiñ**
Ay waa New York yu bari da ñuy gis ay kër ak Kaddu-u-Gemmiñ, lu ci bari ci ay xarit, ay mbokk, ak ñu ñuy ligeeyandoo. Su fekkee ni da ngay seet ab apartamaa, na nga fexe ba kepp koo xam mu xam ni yaa ngi wër.

**Pibilisité yu ñu Nëbb**
Pibilisité yu ñu nëbb nekk na ñu ay piblisité yu nit ñi di jëfëndikoo ngir jënd, jaay wala pibilisité ay mbir yu mel ni ay ligeey wala ay mëneef. Da ñu leen di faral di gis ci kayit u yegle yii, ci biir sit u internet yii, wala sax ay kayit u tablo.

**Doxantu Wër**
Lim bu ndaw u ñi luwé ay apartamaa saa bu ñu gisee ab mandarga "For Rent"(Ngir Luyaas). Mën na fay ngir doxantul la wër ci dëkkuwaay bi nga bëgg dëkk ak seetlul la fa.

**Mbooloo Askan yii**
Mën nga yenn saa yi gis ab dëkkuwaay ci biir biro nguur gi wala ci ay mbooloo askan yuy am ay xibaar ci mbind u dëkkuwaay yii. Cambar al ay mbooloo u ligeey ci sa dëkkandoo yi (santar u mag ñi, asaans u mëneef u askan yi, a.y.) ci barab bi. Xoolal ndax am na ñu ay lim wala ay tablo yu jappandal.

Ngir xibaar yi ci sa wall u aqq niki kuy dëkk, seetal:https://www.nyc.gov/content/tenantprotection/pages/tenant-protection-laws.
Ngir ay tontu ci laaj yu ñuy faral di laaj ci wall u dëkkuwaay ci Dëkk u New York, seet il Tablo Tektal u Luyaas (Rent Guidelines Board): https://rentguidelinesboard.cityofnewyork.us/resources/faqs/.

Ngir ay xibaar ci seet apartamaa ci Dëkk u New York, seetil: https://rentguidelinesboard.cityofnewyork.us/resources/apartment-hunting/.

Moytul Luyaas u ñjublaŋ yi. Nit ñi wala mbooloo yi ñu raññe ci dige ay dëkkuwaay, ba pare jël sa xaalis daw ak moom. Dafay faral di nekk yu yomb lool, daa fekk ni ñjublaŋ la. Ngir yeneen i leeral, seet il: https://www.nyc.gov/assets/nypd/downloads/pdf/crime_prevention/NYPDcptips_RentalScam.pdf.

## Laaj al ligeeykat yi ci biir dëkkuwaay u negandiku gi su fekkee ni da nga am ay laaj ci wall u xibaar yi nekk ci tektal u pexe gi.

# FII AM NA AY YENEEN SITWEB YU AM AY XIBAAR CI NAKA NGAY DUGGEE AK GENN CI DËKK U NEW YORK:

**GIS AL SA AMBASAAD WALA SA KONSULAA**
Xibaar u jokkoo ngir Ambasaad yii ak Konsulaa yi jappandal na ñu ci internet bi bayyeekoo ciDepartamaa u Etaa bi.https://travel.state.gov/content/travel/en/consularnotification/ConsularNotificationandAccess.html.

**BIRO MEER BI BU WALL U AJI GADDAAY YII (MAYOR'S OFFICE OF IMMIGRANT AFFAIRS, MOIA)**
MOIA mu ngi fi ngir jappale la nga jot ci ndimbal u dëkk bi wala askan wi.
Ngir xibaar yu gën yaatu, wooteel ci buum u jokkoo wu AskMOIA (AskMOIA Hotline) ci 212-788-7654, Altine ba Aljuma li ko dalee 9:00 am ba 5:00 pm, wala nga yonnee ab bataaxal u internet ci AskMOIA@cityhall.nyc.gov.

Mën nga gis ay xibaar ci sa mën ug tann ngir jot taxawu ci koppar ak yeneen pexe ci internet bi: https://www.nyc.gov/site/immigrants/city-services/cash-assistance.page.

**LGBTQ+ TEKTAL U PEXE:**
https://comptroller.nyc.gov/services/for-the-public/lgbtq-guide/overview/.

**BIRO MEERI BI NGIR DAKKAL FITNAAL JIGEEN AK NIT CI TANNEEF U AWRAAM (END DOMESTIC AND GENDER-BASED VIOLENCE, ENDGBV)**
Su fekkee ni da nga yaakaar ni da ñu la def Fitna gu juge ci sa Sëy, sa Jaboot, sa Maam, sa Coro, sa Toppkat, sa Awra, Jaay Nit, seetil sitweb u ENDGBV ci https://www.nyc.gov/site/ocdv/get-help/covid-19-update.page. for information and support.

**KOMISIOÑ U AQQ AK YELLEEF U DOOM U ADAMA BU DËKK U NEW YORK:**
Ci biir Dëkk u New York, kenn mën u la xaajatle ndax sa nekkin u gaddaay wala ndax dëkk bi nga bayyeekoo ci sa:

- Ligeey, dëkkuwaay, ak barab u daje yii lu ci mel ni marsé yii, lopitaal yi, ak sinemaa yi

Am nga say aqq te kenn du ci xool sa nekkin u gaddaay.Ay xibaar yu yaatu ñu ngi fii: https://www.nyc.gov/site/cchr/law/protections-based-on-immigration-status-and-national-origin-en.page.

**BIRO ETAAT NEW YORK NGIR AMERIKEEN YU BEES YI (NEW YORK STATE OFFICE OF NEW AMERICANS):**
Ngir am ay xibaar ci wall u mëneef yi jappandal ci joxekat u mëneef yi bayyeekoo ci mbooloo u askan bi mbootaay yu nekk ci dëkk bi, wooteel ci 1-800-566-7636 wala nga seet ci seen sitweb ci internet bi: https://dos.ny.gov/office-new-americans?utm_medium=301&utm_source=www.newamericans.ny.gov.

**NEEG U TEERE PIBILIK YI**

Am na ñu ay neeg u teere pibilik ci biir Dëkk u New York. Gisal ay xibaar ci barab yii ak waxtu yii fii:

https://www.nypl.org/
https://www.bklynlibrary.org/
https://www.queenslibrary.org/